lengik ramping ayu kuning
raosna teh adat perejit

33 (08) Raden Akhi kaget pisan
adat saur lalaki anu geus lali
aduh biang aduh biung
horeng Ceuk Zaojah lenjang
kembang pangkeng pangebog anu leuwih lucu
adat pameget buhaya
nyampeurkeun rek ngegel pipi

34 (09) Adat isteri gaduh raksa
ngejat kaget ningali aya lalaki

arek nubruk (8) semu imut
mere kelit pinter pisan
anu ditumbuk ngejat rusuh
ieu saha anu ngunghak
ka aing rek maling pipi

35 (10) Kurang ajar boa edan
nurus tunjung ka aing arek nyirigih
ukeur irung siga kunyuk
adat pameget nu edan
dicarek ge kalah mah ngajakan imut
ari silaing teh saha
diseuseul ngalawan manis

36 (11) Aduh aceuk masing awas
ieu rai warnen engkang nu ka Mekah
nu ngutus sakabeh hukum
nu mariksa harta banda
anu ngurus ka Aceuk siang dalu
rai badalna kang raka
mangga urang kana kartil

37 (12) Rai Badal ngawarnenan
ngadu tarang ngadu panon ngadu pipi
Nyi Zaojah ambek nyaur
aeh-aeh hanteu nyana
kutan rai warnen engkang kutan kitu
manah heula rai manah
ulah hilap masing eling

38 (13) Ulah cidra ka kang raka
masing eling nampi wasiat teh rai
Raden Akhi mindo nyaur
karesa hanteu karesa
ku rai teh ayeuna dipaksa tangtu
rek dipondok dipaksa
aceuk moal kenging mungkir

39 (14) Ngawalonan Nyi Zaojah
moal kenging aceuk teh dihina
sieun ku Allah nu Agung (9)
ngamal hadis Rasulullah
ngesto kana sapiwuruk Kang Panghulu
Den Akhi lejeng ka luar

tepang sejeroning ati

IV. Kinanti

40 (01) Adat Akhi anu bingung
nangkeup tuur bari mikir
kumaha ieu jalanna
ku hayang mondok nu geulis
keukeuh temen Nyi Zaojah
bela temen ka salaki

41 (02) Kocap iblis tukang tipu
lajeng ngarupa lalaki
lajeung nyampeurkeun harita
ngawuruk ka Raden Akhi
Raden Akhi ulah susah
ku perkawis eta isteri

42 (03) Teang bae buru-buru
omomgan arek di dolim
arek dijieun cilaka
lamun keukeuh bae munkir
ku Raden jalankeun fitnah
anggo bae /dua/ [opat] saksi

43 (04) Raden Akhi bungah kalbu
boa ayeuna mah kenging
terus harita teh neang
kasondong dijero puri
Nyi Zaojah eukeur lenggah
nyalira nyandang pirhatin

44 (05) Adat pameget sok rusuh
rek nyium ka anu geulis
pinter ngejat Nyi Zaojah
Raden Akhi pusing galih
ambek ngalahirna keras
coba ayeuna sing pasti

45 (06) Ka rai aceuk rek nurut
atawa keukeuh rek munkir
lamun keukeuh hanteu daek
ku kuring arek didolim (10)
tangtu meunang hukum ranjam

dituding zinah ku rai

46 (07) Nyi Zaojah mindo nyaur
rai tek arek ngadolim
ka aceuk ulah salempang
ari geus tega mah rai
ari di aceuk mah lillah
hanteu sieun hanteu risi

47 (08) Ngan sieun ku Allah wungkul
kasauran hadis Nabi
jeung estu piwuruk engkang
aceuk moal gingsir ati
Raden Akhi ambek pisan
heug ka luar indit deui

48 (09) Lajeng buru-buru nyaur
nu disaur anggeus sumping
opat jalma ngadeuheusan
diwujuk didamel saksi
saksi zinah Nyi zaojah
Nyi zaojah anggeus sumping

49 (10) Lalakina teu dicatur
ngudag-ngudag akhi bengis
geuwat susul Nyi Zaojah
jeung eta hiji lalaki
Raden Akhi seug mariksa
bengis nyentak jeung ngagidir

50 (11) Aeh Zaojah n[u]rustunjung
maneh cidra ka salaki
peuting tadi telek zinah
eujeung anggeus puguh tangtu
terang ieu saksi opat
Zaojah ngalahir na'udzu billahi min dzalik

51 (12) Adat saur isteri lucu
saksi aceuk lahir batin
saksi dohir lisan mata
suku leungeun dua ceuli
saksi batin Gusti Allah
nu (11) ngadangu nu ningali

52 (13) Raden Akhi mindo nyaur
maneh bohong ulah munkir
geus sampurna saksi opat
Ki Syahad reujeung Ki Syahid
Ki Syahidin Ki Syahidan
nu[te]rangeun peuting tadi

53 (14) Ayeuna maneh dihukum
diranjam hukuman nagri
tarima hanteu tarima
sabab terang saksi opat
Nyi Zaojah dumareda
aceuk nampi fitnah diri

54 (15) Adat nagri gancang mashur
menak kuring sami sumping
bakal aya nu diranjam
bilih hayang naringali
waktu harita barudal
Nyi Zaojah mucung budi

V. Pucung

55 (01) Sadayana dina tempat ranjam kumpul
Khotib modin watir ningal
basah mukti jeung asih sor
hanteu lila anggeus jebul Nyi Zaojah

56 (02) Diiringkeun ku sadaya seredadu
adat jalma anu kandeg
ti dinya teh anggeus pesta
anggeus turun Nyi Zaojah ka lombang

57 (03) Wates kelek Nyi Zaojah geus dikubur
diurugan banget pisan
ngan sirah nu katingali
lajeng misti sadayana maledogan

58 (04) Eta batu ting belesur kana hulu
ting beletak kana tarang
ting salebrut kana polo
sadayana nyangka wafat nyangka maot

59 (05)p anon (12) poe harita kaburu surup

sadayana anggeus mulang
anggeus budal nu lalajo
anggeus wengi kantun Zaojah ngajodo

60 (06) tacan *mati* masih keneh aya umur
masih bisa nyora terang
ngaharurung akhli ilmu
Ya Allah abdi teh tobat
/Ya Allah abdi ngesto teh/

61 (07) Abdi rido kana hukuman Pangeran
wengi harita kacatur
jenengan Kiai Jamal
eukeur angkat harita di jalan jongjon

62 (08) Kaget nguping anu nalangsa teh puguh
isteri nalansa kacida
tetela nu ngahururung
lajeng enggalna diteang katingal jalma sapotong

63 (09) Nyi Zaojah ka Kiai unjuk hatur
nyarioskeun mimitina
dongkap ka akhirna keneh
kang Kiai ngadangukeun langkung paos

64 (10) Ku kiai harita diburu-buru
diangkatkeun geus ka luhur
hanteu aya hiji jalma nu uninga
tuluy dicandak ngaleos

65 (11) dat maling angkatna teh buru-buru
mangga bujengkeun enggalna
Ki Jamal prantos tepang
jeung bojona anggeus jonghok

66 (12) Ieu nyai engkang mawa jalma timu
isteri nu kaniaya
dituding kandeg sayaktos
terang saksi geus (13) meunang hukuman ranjam

67 (13) Malahmandar aya piwelas Yang Agung
tetepkeun bae di urang
purah nutu purah ngejo
Nyai Jamal suka ngawalon kasmaran

VI. Asmarandana

68 (01) Muji syukur ka Yang Widi
engkang teh gede darajat
sugan istri sae gawe
abdi teh mataka karunya
saha ngaran anu nelah
Nyi Zaojah nyembah matur
nu nelah ngaran Zaojah

69 (02) Naon piwarangan gusti
abdi teh sumeja pasrah
siang wengi seja ngesto
ceuk Nyi Jamal ayeuna mah
ulah rek ka mana-mana
di die bae sing matuh
sakasusah sakabungah

70 (03) Adat isteri nu berbudi
anu di bumi ajengan
awas cepil awas panon
hanteu ngantos piwarangan
pok pek damel sakabisa
sakaduga hanteu kaku
wuwuh welas nu miara

71 (04) Adat istri nu beralim
hanteu ningal hukum syara
naon parentah Yang Manon
nyegah haram reujeung subhat
tinggal makruh tinggal mubah
ngudag sunat muru hukum
nyelang tina padamelan

72 (05) Adat istri nu binangkit
kacabak sagala lampah (14)
parele sakabeh gawe
siang wengi teu kaliwat
piribumi wuwuh senang
wuwuh welas wuwuh lucu
kocap dina hiji mangsa

73 (06) Sumping sahiji lalaki

ngaranna teh Ki Sohabat
ka bumi Ki Jamal yaktos
sejana teh arek nyaba
silaturahmi geus lila
jeung kiai anggeus tepung
sasalaman sasauran

74 (07) Kumaha sobat nu dalit
geus lami hanteu patepang
lami ngobos hanteu sare
sili bere *panghurmatan*
pada ngabungahkeun manah
sami manis bungah kolbu
sili naros sili jawab

75 (08) Kumaha sobat nu dalit
Masya Allah hanteu nyana
siang wengi abdi ngantos
kumaha sadaya damang
gerwa sinarengan putra
ceuk sobat aya pangestu
wilujeung alhamdulillah

76 (09) Berekah du'a ti gusti
berkah du'a sadayana
salamet taya pamengan
mana di dieu kumaha
sobat jeung wargi sadaya
ceuk sobat nyondong pangestu
salamet keur sapangeran

77 (10) Nu ngawangkong tetep linggih
nyarioskeun Nyi Zaojah
aya semah puk-pek gawe
wura-wari turun unggah
lor lar nyokotan wawadah
adat pameget geus masur
sok (15) kaget ningal nu keupat

78 (11) Heug ngalieuk ningal bitis
kulinyay liar supa lumar
ningali punduk sok kaget
ningali badan ngagenclang
ningali kempot pipina

cahyana liar kuwung-kuwung
matak owah mamanahan

79 (12) Nyaur sajeroning ati
ieu teh isteri ti mana
bet aing kakare nenjo
ku matak resep angkatna
ku matak resep calikna
matak resep ana diuk
komo lamun diebogan

80 (13) Euleuh-euleuh hayang teuing
Ya Allah ieu kumaha
aing teh ku hayang ngomong
ka eta isteri mustika
tapi hayang ulah katara
ku sobat ulah kabitur
hayang ulah kanyahoan

81 (14) Nu ngomong keur suka ati
teu lami jol katuangan
anu pantes anu raos
tambah pake keur ngaturna
matak lucu nu ningalan
ditinggal beres jeung alus
tuang raos jeung tegtegan

82 (15) Kocap harita geus wengi
ceuk kiai sobat mangga
ayeuna geus pukul dua
lajeung bubaran harita
kiai jeung sobat tea
adat istri nu geus patimu
nyadiakeun tempat semah

83 (16) Jol bantal kampuh guguling
sayagi anggeus merenah
kiai teh tuluy ebog
ngan ari nu gaduh niat (16)
hanteu sare guligahan
api-api peureum asu
ngintip mustika nonoman

VII. Sinom

84 (01) Anu ngintip dina ranjang
kawas ucing ngintip beurit
meleng bae titingalan
dina tempat anu geulis
ku aing arek disungsih
rek dipondok rek dilahun
kocapkeun Nyai Zaojah
rerengse sakabeh ngiring
papariksa tulak jero tulak luar

85 (02) Rarengse anggeus bebenah
lajeng ebog anu geulis
di nu suni jeung nyalira
awas ningal anu ngintip
hanteu kulem lami-lami
Ki Sohabat nahan nafsu
korejat gugah harita
nyampeurkeun ka anu geulis
milu ebog akang nyai sasarean

86 (03) Adat isteri beragama
gumati ngajaga diri
nguping sora heug ngorejat
sutset gelung ngewel samping
ceuk Sohabat cicing nyai
ebog bae ulah diuk
adat walon anu ngewa
japilus semah cariwis
heug nyampeurkeun ka istri hayang mondokan

87 (04) Adat lalaki teu sobar
karepna ngarangkul nyai
pinter Nyi Zaojah ngejat
ngalieuk nyingkiran gasik
binangkit lindeuk japati
lungguh parahu di laut
ayeuna arek ditikah
ku engkang teh ulah munkir (17)
Nyi Zaojah tuluy walon bijaksana

88 (05) Masya Allah syukurna

namung hanjakalna diri
ngan abdi aya pamengan
.....
.....
.....
gaduh salaki di Mekah
jadi maneh ka sim abdi
mung abdi teh halangan dunya aherat

89 (06) Dunya hurmatna nagara
moal nampi nikah abdi
aheratna ku Pangeran
dihukum ngalanggar bakti
tah kitu mawi teu hasil
sanes abdi hanteu purun
adat pameugeut nu hayang
keukeuh ciriwis cilimit
atuh nyai nambut bae ayeuna mah

90 (07) Nambut dompet moal lila
buat ayeuna sawengi
suka hanteu suka oge
ditambut bae sawengi
Nyi Zaojah Walon manis
nuhun ayeuna sarebu
namung abdi hanteu boga
aya ge dompet pamali
sayaktosna amanat Allh Ta'ala

91 (08) Abdi mah darma ngampihan
hanteu ngagaduhan milik
damelna Allah Ta'ala
ngan nitipkeun teh ka abdi
.....
kakang nu jadi panghulu
eta anu ngagaduhan
saenyana teu meunang gingsir
hingga paeh abdi nyekelan amanat

92 (09) Kabujeng subuh harita
Ki Sohabat lajeng indit
ka Ki Jamal seug pamitan
Ki Sohabat lajeng mulih
angkatna lajeng ngagidir

ngagudug nafsuna (18) hurung
nu hayang jadi bayeungyang
ati budi jadi sedih
keuheul mana hanteu pegat amarahna

VIII. Magatru

93 (01) Kacarios panon poe anggeus surup
waktu harita geus wengi
Ki Sohabat anggeuy tuluy
gagancangan mulih deui
nganggo seunuk nyoren golok

94 (02) Tengah wengi ka bumi Ki Jamal cunduk
sepi teu aya nu nyaring
sadayana kerek *tidur*
Ki Sohabat teu jeung mikir
bumi Ki Jamal dibobok

95 (03) Ki Sohabat ka jero bumi geus asup
alak-ilik katingali
isteri keur sare di jero
enggal teu ditaros deui
godok beuheungna dipotong

96 (04) Sanggeus meuncit ki penjahat tuluy mabur
teu kacatur anu julig
bujeungkeun bae geus isuk
Nyi Zaojah anggeus tanghi
ningali getih lamorok

97 (05) Luyuh-layah dina samak dina kasur
pertela aya nu meuncit
Putra Ki Jamalnu ayu
adat isteri gancang nangis
Nyi Zaojah teh ngagero

98 (06) Masya Allah Masya Allah Nyai Ayu
ka eneng saha nu meuncit
kaniaya teuing eneng
ka aceuk teh mana teuing
rama ibu nuding yaktos

99 (07) Nyi Zaojah gero-gero langkung gugup

kaget ibu rama tanghi
muru nyaur bari rusuh
nyai teh ku naon nangis
aya naon gura-gero

100 (08) Nyai Jamal waspada anakna (19) pupus
ngagoler nangis ngajerit
aduh enung putra ibu
ka enung saha anu dengki
anak ibu anu botoh

101 (09) Tega temen ku telenges ari batur
teu nilik diri pribadi
teu ngurus badan sakujur
kumaha asih kumaha diri
kumaha bogoh ka bojo

102 (10) Anu mawi ari kabatur mah lucu
tina lucu kana diri
ku lucu ka anak batur
tina lucu kana diri
teu bosen ka eneng sono

103 (11) Ceuk Ki Jamal aduh nyai ulah kitu
meujeuh nyai ulah nangis
pinasti kersa Yang Widi
dongkap kana titis tulis
putra urang kudu maot

104 (12) Wuwuh ambek Nyai Jamal wuwuh bendu
naha engkang hanteu gasik
podaran eta si kunyuk
si Zaojah anu julig
moal saha anu motong

105 (13) Tangtu eta anu meuncit anu istu
kuring moal salah nuding
kiai huleng ngajerentul
adat kiai sok mikir
diraoskeun samemeh pok

106 (14) Rehna eta buktina putra nu pupus
sarengan Zaojah wungkul
ngaku teu ngaku katuduh

namung panalar kiai
wapaos wirasat sohor

107 (15) Hanteu aya Zaojah wirasat kitu
tina parangina manis
panuju sagala laku
asihna ka murangkalih
sonona ka para bojo

108 (16) Alus tata alus semu matak lucu
tindak tanduk tata titi
ka batur ka sanes (20) batur
daek bugberug jeung birahi
hanteu songong jeung bedegong

109 (17) Eta tuduh nu pinuduh alus semu
tuduh kana manis galih
tuduh kana leuleus kalbu
tuduh kana ahli bakti
tuduh sieun ku Yang Manon

110 (18) Sanggeus seep kiai mikir jeung nyaur
aeh Nyai Zaojah geulis
ka dieu kami rek muruk
ayeuna teh kudu indit
buru-buru geura lolos

111 (19) Los kamana ayeuna teh nyai muru
ulah rek di dieu cicing
alamat ku fitnah guyur
gasik singkahan sing buni
tah duit buat keur ongkos

112 (20) Nyi Zaojah nampi duit bari munjung
lajeng indit bari nangis
geus mundur hanteu dicatur
kocap deui Nyi Kiai
lumbang-limbung dirorojong

IX. /Lambang/ Gurisa

113 (01) Nyi Kiai gegeroan bari nangis
ka putrana anu wafat
nu wafat ka dieu hiap

hiap ka ibu ayeuna
ibu ayeuna patepang teh
panungtungan tilar dunya
Ari dunya papaesna nyata anak
anak teh beurat kacida

114 (02) kacida nyerieun hate
nyerina raheut rasana
rasana [ieu] katilar
katilar urang nu sabar
Carogena ka gerwana teh nasehat
ku carogena diusapan
ngusapan alon basana
basana ajeuh ayeuna

115 (03) Ayeuna nyai sing sabar
sabar kana takdir Allah
Takdirullah geus tiheula
tiheula (21) mastikeun ajal
ajal mahluk sadayana
sadayana eta nyata
nyata lila sakeudeungna
sakeudeungna urang di dunya

116 (04) Di dunya urang ngumbara
ngumbara teh bakal mulang
mulang ka aherat rahmat
rahmat lamun urang sabar
sabar katingal ku anak
anak urang maot budak
budak mah teu nyandang oosa
dosa urang hal geus loba

117 (05) Loba susah mun teu tobat
tobat heula memeh wafat
wafat urang moal salah
salah urang lamun aral
Aral tina kurang asak
kurang asak reujeung arta
kurang arta reujeung banda
kurang banda reujeung pangan

118 (06) kurang sandang reujeung pangan
kurang pangan teh nalangsa

nalangsa nu hayang rosa
rosa hanteu matak dosa
dosa kana nikmat
nikmat Allah nu keresa
rasana ngan leuwih bisa
dipaparinan ka bisa

119 (07) Kacida nu kitu jalma
jalma ngaran seubeuh bahla
sabab bahla teh hartina
hanteu dunya teu aherat
dunya teu ngarasa ngeunah
tina rasa teh na kurang
sarebu rasana kurang
gerwana nguping nasehat

120 (08) hanteu nangis lemper manah
mayitna anggeus diurus
ku adat jeung biasana
gerwana deui ngagugat
Akang mana Si Zaojah
geuwat ayeuna (22) teh bawa
ka nagara urang qisos
ti dinya Kiai Jamal

121 (09) api-api rek neangan
nya eta ka Nyi Zaojah
Mana ayeuna Zaojah
rek dibawa ku kaula
Nyi Zaojah hanteu aya
sadaya pada neangan
weleh bae teu kapendak
sadayana nganti-nganti

X. Kinanti

122 (01) Nu neangan teu kacatur
gentos deui nu digurit
kocapkeun Nyai Zaojah
ti bumi kiai indit
teu aya anu diseja
teu sidik anu disungsih

123 (02) Teu puguh anu dijugjug
tuluy angkat bari nangis
nuturkeun indung sampean
nyora[ng] tegal ngembing pasir
angkatna saparan-paran
siang wengi dinu suni

124 (03) Ya Allah Nu Maha Agung
Ya Allah Nu Maha Suci
sifat asih sifat welas
Ya Allah nu sifat adil
Ya Allah nu sifat murah
Ya Allah Nu Maha Leuwih

125 (04) Abdi Nyuhunkeun pitulung
abdi nyuhunkeun piasih
abdi nyuhunkeun piwelas
abdi neda dipaparin
abdi nyuhunkeun kurnia
abdi nyuhunkeun ka Gusti

126 (05) Kantun bingung lubak-libuk
pikir miskin ganti sugih
susah diganti ku bungah
nyeri diganti ku seuri
duka diganti ku suka
benci diganti ku puji

127 (06) Samar teuing (23) bisa tepung
jeung engkang nu munggah haji
samar beunang bisa mulang
mulih ka jaman di bumi
samar teuing tepang jeung jalma
pintah sakuriling nagri

128 (07) Samar teuing bisa asup
sieun pulisi sim abdi
samar teuing barang teda
teu mendak bumi sahiji
samar teuing mendak desa
leuweung kai sakuriling

129 (08) Jero leuweung luwang liwung
bari angkat ngahariring

angkat mapay anu bala
kai gede kai leutik
kitu duei bongborosan
geus tebih ti lembur tadi

130 (09) Nu angkat maju geus jauh
teu lami gok mendak jalmi
ditalian diborogod
diuger na tangkal kai
/Nyi Zaojah heug mariksa/
saha ngaran anu nelah
nu nelah Maslub sim abdi

131 (10) Asalna abdi kapungkur
di lembur keur waktu tadi
gaduh hutang teu kabayar
nu kagungan maksa nagih
lajeng kuring teh dicangcang
di dieu di leuweung kai

132 (11) Kuring teh tutunggu umur
sorangan teu kenging balik
ayeuna syukur jeung bungah
sumping ka dieu Den Isteri
mugi kersa nulung kula
abdi panglaankeun tali

133 (12) Ngalenyap Den Isteri nyaur
Insya Allah ieu kami
niat nulung nu sangsara
saha anu boga tali
ka saha nu boga hutang
hayang terang heula kami

134 (13) Ceuk (24) Ki Maslub tuh di ditu
ti dinya teh hanteu lila
diteang ku Nyi Zaojah
Solib anu boga duit
tuluy dibayar hutangna
Nyi Zaojah balik deui

135 (14) Ka Ki Maslub lajeng nyaur
hutang maneh teh ku kami
hanggeus beres dibayarna

ku duit sidkoh kiai
beak pake mayar hutang
dibayaran tepi mahi

136 (15) Zaojah nyampeurkeun Maslub
dilaanan tambang tali
Ki Maslub geus bisa leumpang
lajeng nyembah bari calik
Nyi Zaojah teh mariksa
saur leuleus manis budi

XI Dangdanggula

137 (01) Aeh Ki Maslub ayeuna rek nanya kami
kumaha nya pakarepan
kami sambung du'a bae
ari kami mah rek jauh
nu dimaksud tacan hasil
acan puguh pamaksadan
teu puguh anu dijugjug
rek ngudag rahmat Pangeran
rek nyungsih asih Yang Widi
dimana bae mendakna

138. (02) Nyembah walon nun ieu sim abdi
sumangga ngiring ayeuna
siang wengi seja ngestu
kamana nyai rek nurut
rumaos abdi kabela
nu mawi seja ngaula
ngiring kumaha dawuh
saurna Nyai Zaojah
atuh syukur lamun arek bela pati
hayu indit karana Allah

139 (03) Lajeng arangkat duaan arindit
Nyi Zaojah angkatna tiheula
Ki Maslub pandeuri (25) bae
teu puguh anu dijugjug
nyorang tegal mapay pasir
adat isteri berigama
rasa diiring ku Ki Maslub
panon mah ka gigir bae
ka kenca jeung ka katuhu ningali

sieun kapalingan lengkah

140 (04) Hanteu bongoh Zaojah ngajaga birit
teu balangah kana pipi dua
waspada sieun nu ngegel
Ki Maslub ngiring ti pungkur
ningali isteri nu geulis
ku hanjakal ku kaduhung
hanjakal ku sanes gerwa
hanjakal ku sanes rai
lamun heug indung barudak

141 (05) Mingkin leuleus anu ningali isteri
katingalna lis Subadra
ningal angkat ngagaleong
katingalna mundur maju
ngareret lengkahna deui
keupat kajongjonan goyang
Ki Maslub tepi katungkul
Masya Allah hanteu nyana
nya paingan alim-alim isteri-isteri
ka isteri sok ngajauhan

142 (06) Ieu pikir kuring mani anggeus nyeri
daek medin teuing sahwat maksa
nafsu teh ka luar merod
Ki Maslub ngejat rek muru
ningal bulu punduk galing
ngojengkang ka payuneunana
ayu teh dirontok gabruk
waspada Zaojah pinter
dirontok teh hanteu kenging
kaya lir perang Durselan

143 (07) Hanteu bisa hayang ge antel saeutik
rupa lindeuk horeng (26) giras
Maslub muruna teh mopo
aduh enden ulah kitu
ulah kapalang miasiih
den anu tukang welas
enden anu tukang maklum
ieu kuring hanteu kuat
muga-muga paparin kueh surabi
rido teu rido diteda

144 (08) Nyi Zaojah ngarandeg ngalahir
aeh hanteu nyana teuing sia
horeng yuni ucing garong
milu soteh ningal lauk
ngiring soteh ningal beurit
hadena ucing awewe
bulu bodas panjang buntut
wirasat sial gawena
lamun bulu tilu rupi cantel deui
wirasat loba percaya

145 (09) Ieu jalma horengan teh yuni anjing
keur kaerod mah gogowokan
geus dilaan ngagogogan
milu soteh arek nyapluk
ngiring soteh arek nyigit
ieu horeng kuda roda
keur kuru mah milu-milu
ari geus lintuh mah nyepak
ieu anak heulang keur dikukut ti leuleutik
geus gede rek maling hayam

146 (10) *Bagus* teh tembongkeun *tarima kasih*
males mulang kana tarima
eukeur ditulung bareto
aeh Ki Maslub ulah kitu
masing eling ulah lali
kudu sieun ku Pangeran
ulah kaburu ku nafsu
ari mungguh kaula mah
kalah paeh ngabela(27)an diri pribadi
tina sieun ku Pangeran

147 (11) Huleng jentul Ki Maslub ngupingkeun lahir
asa kutan ku leuwih desek nyeuseulna
yaktos dikerong tikoro
kacekek teu bisa nyaur
luak-lieuk galar gilir
usar-iser tuluy ngejat
tiheula leumpangna tuluy
ninggalkeun ka Nyi Zaojah
ngadigdig angkatna semu nu pusing
mucung kasusahan manah

XII. Pucung

148 (01) Eukeur nyeri wuwuh bingung digulung
keur hayang manggih kawirang
eukeur sono ti bareto
ayeuna geus wuwuh diri teh nalangsa

149 (02) Diri sebul hayang ge hanteu dimakbul
ngudag oge teu kaudag
kabina-bina aya sue
pameakan kanyerian ku isteri mah

150 (03) Mawi mikir dina sajeroning kalbu
anu hayang males kumaha
anu angkat maju jongjon
geus ka luar ti leuweung manggih sagara

151 (04) Sisi laut leuleumpangan ngaler ngidul
kabeneran aya kapal
eureun ka dinya geus nyangkrong
kapal dagang mawa barang nyiar barang

152 (05) Ki Sudagar tina kapal tuluy turun
jeung Ki Maslub anggeus tepang
duaan tuluy ngaromong
ceuk Ki Maslub abdi teh mawa dagangan

153 (06) Rek dijual sugan (28) Sudagar panuju
sae galeuh ayeuna mah
sakedap deui katembong
atuh kula hayang teh nenjoan heula

154 (07) Hanteu lila Nyi Zaojah anggeus jebul
waspada Tuan Sudagar
yen eta jariah donto
buru-buru dibayar ku Ki Saudagar

155 (08) Geus katampa ladangna teh ku Ki Maslub
tilu ratus ringgit emas
Ki Maslub anggeus ngaleos
terus mulang ka imahna tunda heula

156 (09) Kacarios Nyi Zaojah teh disaur

ka dieu nyai teh geuwat
jeung enggal calik ngarendeng
Nyi Zaojah bari mando ngadeuheusan

157 (10) Ceuk Sudagar ayeuna nyai saestu
ku akang anggeus dibayar
ka Ki Maslub anggeus beres
tilu ratus pisan ringgit emas dinar

158 (11) Nyi Zaojah bari mando unjuk hatur
abdi mah jalma merdika
sanes jariah sayaktos
kaula nun hanteu syah abdi dijual

159 (12) Ceuk Sudagar nyai ulah ngomong kitu
nyai geura kana kapal
harita dipaksa bae
Nyi Zaojah geus celak bae kana kapal

160 (13) Eta nyai anggoan teh buru-buru
geura gentos sadayana
kaway sutra sinjang Solo
Nyi Zaojah nganggo-nganggo geus sampurna

161 (14) Eukeur lulu tambah nganggo anu lucu
eukeur lenjang nganggo sutra (29)
eukeur botoh nganggo Solo
tambah bimbang Ki Sudagar titingalan

162 (15) Kacarita kapal belesur geus mangperung
rek mulang kanagarana
ka kocap di jalan keneh
harita teh wengi di tengah lautan

163 (16) Ki Sudagar kana kamar anggeus asup
bimbang hayang ka nu lenjang
gumujeng ku hayang mondok
dideukeutan Nyi Zaojah iser-iseran

164 (17) Rek dirangkul ngalengis ngenca-ngatuhu
rek dicekel cungcat-cingcet
ka payun ka pungkur bae
lir ulin Cimande jeung Cihampea

165 (18) Aduh nyai horeng pinter bisa nyangsut
akang hanteu bisa meunang
nyium lapur nyekel lesot
coba sambut ku nyai ayeuna akang

166 (19) Rek kumaha nyai ka akang teh atuh
ku akang rek ditampanan
rek ngeret atawa nonjok
Nyi Zaojah ngawalonan lajeng lenggah

167 (20) Semu lindeuk tetep linggih jeung tumungkul
aduh lenjang gerwa engkang
mangga nyai urang ebog
Nyii Zaojah ngawalonan bari nyembah

168 (21) Kang Sudagar abdii rebu-rebu nuhun
namung abdi teh halangan
gaduh salaki sayaktos
jeung merdika hanteu halal digaleuhan

169 (22) Aduh nyai anu lenjang anu lucu
ayeuna arek (30) dipaksa
ku akang arek dipondok
rek dicium Nyi Zaojah pinter ngejat

170 (23) Aduh engkang ulah kaburu mafsu
ulah kebedag ku hayang
ulah kaburu ku bogoh
manah heula bisi nyorang kana haram

171 (24) Anu haram kudu sieun ku Yang Agung
kudu isin ku Pangeran
nu ningali saban poe
Gusti Allah nu uninga ka sadaya

172 (25) Ka engkang teh abdi sanes hanteu purun
saleresna sanes baha
manawi sanes teu bogoh
taya lian abdi isin ku Pangeran

173 (26) Hanteu sanggem sare jeung akang kula nun
teu sanggem dialap suka
moal kenging kalah maot
Ki Sudagar mungkar nguping nu carita

XIII. Pangkur

174 (01) Ki Sudagar ambek pisan
Nyi Zaojah harita tuluy digitik
gek diuk tuluy digebug
diteunggeulan dirangketan
kurang ajar ayeuna teh sia kunyuk
sia ka aing teh nyingkang
sia ka aing teh nampik

175 (02) Rasakeun ieu ku sia
gero deui Nyi Zaojah digitik
beungeut Nyi Zaojah tutung
tengah peuting dina kapal
keur disiksa Nyi Zaojah langkung ripuh
kocap ngaguruh sagara
geledug sora angin

176 (03) Sora angin anggeus datang
kana kapal eta kapal ngajumpalik (31)
tengah peuting di tengah laut
amburadul ambarasat
waja esi ting harieng ting salemperung
ting soloyong tutumpakan
sakoci pating siriwik

177 (04) Eusi kapal kabeh beak
anu karem reujeung anu nerambang
anu leungit jalmana deui nya kitu
anu hirup anu paeh
/kumaha darajatna jalma/
aya anu panjang umur
aya anu mendak papan
aya anu mendak sakoci

178 (05) Aya nu mendakan barang
aya anu tumpak lambak leuwih tarik
sadayana teu kacatur
kakocapkeun Nyi Zaojah
mendak papan nyangheuy gadona ka luhur
pageuh nyekel kana papan
ngambang di tengah jala diri

179 (06) Ngan masih panjang umurna
Nyi Zaojah pitulung Nu Maha Suci
ambul-ambulan di laut
kabawa lambak gede pisan
tapi waras kersana Allah Nu Agung
ngalempong kabawa barat
nyangsang di sisi basisir

180 (07) Geus ngagoler Nyi Zaojah
dina keusik nyalira teu aya jalmi
ngalungsar kawas nu pupus
leuleus teu aya tanaga
kantun napas engap-engapan ngahanju
kersaning Allah Ta'ala
lami-lami bisa usik

181 (08) Anggeus usik tuluy beunta
ulak-ilik bisa ngiceup jeung ningali
ti dinya teh tuluy diuk
anggeus terang te(32) tenjoan
ka kenca katuhu ka payun reujeung pungkur
geus jejeg ingetanana
ngarenghik kumambang nangis

XIV. Maskumambang

182 (01) Ya Allah Ya Robbi Ya Gusti
sim abdi sumeja tobat
tobat tina kalepatan
kalelepatan sadaya

183 (02) Muga dihampura diri
diri keur nyandang sangsara
sangsara nampi cocoba
muga-muga neda sabar

184 (03) Sabar tina titis tulis
takdir Gusti nu uninga
uninga yen kapayunna
.....

185 (04) Muga bungah abdi gusti
emut kana jangji Gusti
Gusti ngajangjian tobat

tobat bakal dihampura

186 (05) Dihampura dosa kabeh tina diri
diri suka bakal duka
suka welas ka nu sabar
bakal jembar ati sabar

187 (06) Lamun ganti eta tangtu bakal mukti
anu mudun bakal nanjak
muga-muga ka Pangeran
enggal mendak kamurahan

188 (07) Hamo bosen jisim abdi nganti-nganti
rahmat ti Pangeran
siang wengi ngantos-ngantos
siang wengi ditasbean

189 (08) Nyi Zaojah anggeus jauh ti basisir
ngarayap rampual rampiul
sorangan barina jongjon
barangdahar bongborosan

190 (09) Kacarios anggeus seger indit deui
angkat mapay-mapay jalan
hanteu lami (33) terus
kasamaran wates nagara

XV. Asmarandana

191 (01) Nyi Zaojah bungah galih
geuning ieu wates nagara
muga nuhun ka Yang Manon
lajeng nyimpang kana imah
anu aya sisi jalan
pangapunten kalua nun
abdi neda eureun heula

192 (02) Adat jalma hade budi
gancang semahna someah
mangga geura calik rampes
lajeng calik Nyi Zaojah
umpan-impen tina era
anggoan hanteu ngabangun
dicampur ku dangdaunan

193 (03) Seug ngalahir nyai miskin
ieu teh miskin ti mana
asa teh kakara tembong
sumuhun ceuk Nyi Zaojah
abdi miskin *tanah sabrang*
abdi ngampung kada langsung
dongkap ka dieu nya sasab

194 (04) Pangapunten piribumi
ieu teh nagara mana
raraosan teh ku raos
ningal tatahap ku rata
ningal jalmana ku rendang
nguping basana *Qur'an bagus*
ka tatamu ku someah

195 (05) Adat semah nu binangkit
bisa ngala-ngala manah
nepak cai malar ceret
pirbumina ngawalonan
Nagri Adil nu katelah
nagri jembar anu masyhur
raja murah ka rahayat

196 (06) Adat nu ngarti Nyi Miskin
ningal kana padamelan
enggal bae pukpek gawe
hanteu ngantos piwarangan
piri(34) bumi wuwuh bingah
ku saurna matak lucu
ku damelna matak seneng

197 (07) Adat istri anu ngarti
manjing waktu ka gancangan
najan keur digawe oge
ditunda heula sakedap
diselang heula ibadat
pangapunten kaula nun
abdi arek solat heula

198 (08) Pirbumi ngawalon manis
sae Nyai miskin mangga
tah gentosan heula panganggo

tah kawayna anu anyar
reujeung sinjangna nu anyar
nampi reujeung bunngah syukur
lajeng dianggo harita

199 (09) Geus ibadah damel deui
kocap geus wengi harita
ceuk pirbumi memeh sare
coba Miskin ngadongeng heula
cok malaur ahli luang
dongeng nu beunang ditiru
dongeng tuladen manusa

200 (10) Adat tatamu pasagi
tara mungpang piwaranngan
komo nu pake kahayang
lajeng bae seug nyarita
nyarioskeun hal anjeunna
tina mimitii dicatur
dongkap ka waktu harita

201 (11) Piribumi anu nguping
ku welas sareng nalangsa
resep teu bosen ngadenge
geus wengi deui waktuna
lajeng sare sadayana
kocapkeun bae isukna
piribumi ka tatangga

202 (12) Nyarioskeun peuting tadi
dongeng Nyai Miskin tea
horeng teh nu ngalalakon
matak bungah matak sadayana
matak sedih matak welas
matak hayang teuing milu
matak hayang mun nurutan

203 (13) Pibibiteun eta isteri (35)
pibatureun anu ngora
buat conto anu anom
ngawalon kabeh tatangga
kuring engke arek nanggap

ceuk saurang kuring isuk
ceuk saurang kuring pagetona

204 (14) Nyai Miskin saban wengi
pada neang pada ngondang
resep jeung nalangsa bae
adat nu loba kabisa
bisa naon nu ka talar
sinjang atawana baju
tara susah barang tuang

205 (15) Adat anu loba harti
loba anu manakawan
anu hayang barang gawe
anu hayang ngalap luang
anu hayang ngalap berkah
anu hayang nulad niru
anu hayang mamanisan

XVI. Dangdanggula

206 (01) Nyai Miskin katarik ka *disterik*
kateang ka para menak
geus sohor loba nu ngantos
ka nagri anggeus kaceluk
menak kuring anu manggil
lila-lila ka utara
kadangu ku kangjeng ratu
kangjeng ratu miwarangan
coba saur eta teh si Nyai Miskin
kaula teh hayang nanggap

207 (02) Nu disaur eta Nyai Miskin
anggeus sumping cedok nyembah
enggal ku raja ditaros
nyai anu tukang catur
coba peuting ieu nyai
di kadatun seug carita
den ayu palay ngadangu
Nyai Miskin walon sembah
nun sumuhun dawuh gusti
abdi ngiring satimbalan

208 (03) Namung sanes nyarioskeun anu sakti

sanes nyarioskeun nu baheula
sanes nyarioskeun anu rame
sanes nyarioskeun (36) batur
istu nyarioskeun pirbadi
ti kawit dongkap ka tamat
dicarios kabeh tutug
lalakon anjeunna
ku Zaojah dicatur taya nu kati
hanteu aya nu kaliwat

209 (04) Tina asal indit ti Bani Isroil
dongkap kana waktu harita
darat lautan kabeh
lajeng raja teh ngadawuh
ka Nagri Adil nya nyemah
seep sakabeh dicatur
hanteu aya nu kaliwat
adat anu jeneng raja
sampurna nyarioskeun geus kaharti
panemu jeung akal jentera

210 (05) Dimanahan ku raja nu leuwih lantip
ieu jalma leuwih ngartos pisan
sanes jalma jore-jore
sanes jalma rodek hulu
sanes jalma kurang terang
sanes jalma ilmu Buda
ieu jalma teh *berilmu*
sanes jalma kurang alim
sanes jalma belet ati
sanes jalma kurang luang

211 (06) Loba dusun jeung loba ajrih
sanes jalma dayut beuteung
atawa ngedul gagawe
ieu istu ahli ilmu
pigurueun isteri-isteri
ieu istu ahli amal
ieu jalma tuladeun anak incu
loba perah loba berkah
loba aneh loba matih
hariring raja nimbalan

212 (07) Aeh nyai hanteu meunang ka luar deui

kudu tetep di dieu di kota
nungguan ieukadaton
nyai kudu muruk putra-putra
sareng muruk puteri-puteri
.....
bari linggih di kadaton
tong angkat ti tempat raja
helos nyai ayeuna teh geura indit (37)
jeung putra-putra nonoman

XVII. Sinom

213 (01) Lajeng angkat Nyi Zaojah
diiring ku putri-putri
kana gedong anggeus pindah
mernahkeun diri pirbadi
adat anu loba harti
pangirut ilmu berekah
nguah teu kalawan nyawah
mukti teu kalawan ganti
dahar leueut hanteu kalawan tatahar

214 (02) Adat anu ahli rasa
dijaga panghina rijki
dahar leueut anu ngeunah
dipalar emut ka Gusti
karaos nikmat yang Sukma
cai kopi sareng susu
gulana reujeung mantega,
tangkueh kismis biskuit
gula bistik ayeuna jeung kaolahan

215 (03) Taya lian padamelan
muruk siang sareng wengi
adat santri undur datang
anu parek anu tebih
para menak para kuring
anu anom anu sepuh
.....
adat ngajar nu warangi
mimitina rukun Iman rukun Islam

216 (04) Lajeng ngajar hukum akal
hukum sa'ra hukum adil

nema kana ako'idna
nu lima puluh ako'id
sareng labeh dalil deui
jumlah tafsirna diatur
jeung ngajar kana fahamna
mimitina urusan cai
sareng pasal susuci sareng istinja

217 (05) Jeung ngajar kana uruan
adus hed jeung adus ngimpi
adus wiladah jeung nifas
adus jima anu wajib
reujeung seug wudlu ku cai
reujeungna ngajar tayamum
ngajar solat jeung puasa (38)
ngajar pasal jual beuli
reujeung ngajar adabna nu imah-imah

218 (06) Ngajar kasab jeung ihtiar
sareng munggah haji deui
ngajar adab tatakrama
ngajar basa tata-titi
geus ngarti sakabeh fakih
tuluy jeung ilmu tasawuf
ngajar sifat nu dikelah
nagajar sifat nu dipuji
Nyi Zaojah geus kana guru agama

219 (07) Anggeus leungit ngaran asal
kalindih ku basa murid
anu nyebat sadayana
guru kota guru santri
anggeus nelah Guru Isteri
Nagri Adil nu ditiru
taya nu nyangka ngumbara
taya anu nyangka mukim
nyangka basa Nagri Adil tempat *darah*

220 (08) Adat gurumu utama
siang wengi loba bakti
loba adab tata karama
loba bakti ka Yang Widi
.....
ka batur sok loba nulung

loba ngeunah ka tatangga
loba hasil ka nu sumping
loba kontan ka nu datang kasusahan

221 (09) Saban dinten anu datang
neda landong anu gering
neda landong rieut sirah
neda landong nyeri kiih
neda landong kesrek kulit
neda landong buruk sungut
neda landong anu buta
jeung warna-warna panyakit
ganti-ganti saban dinten anu datang

XVIII. Kinanti

222 (01) Saban poe anu cunduk
nyuhunkeun ka Guru Isteri
berekah salamet sadaya
mulih daramang walagri
tambah loba nu uninga
tambah loba anu sumping

223 (02) Wuwuh ka(39)celuk kamashur
kawarti ka unggal nagri
kawentar ka saban desa
aya tabib guru isteri
saurna aya carita
di kota Nagara Adil

224 (03) Enggalna anu dicatur
nyarioskeun guru isteri
nyarioskeun nu ka Mekah
Den Qodli mulih ti Mekah
munggah haji teh di Mekah
jeung terus lami teh mukim

225 (04) Taun harita teh turun
mulang ka Bani Isroil
hanteu kocap di jalanna
bujengkeun anu digurit
Raden Qodli anggeus dongkap
ka Nagri Bani Isroil

226 (05) Ka bumina anggeus cunduk
nyampak kosong taya jalma
lir bumi katinggal *mati*
matak keueung raraosan
geueuman reujeung tariis

227 (06) .....
Ka mana ieu si nyai
Raden Qodli leuleumpangan
ka luar ka jero
ti hareup ka lawang tukang
luak lieuk alak ilik

228 (07) Assalamu'alaikum
ceuk tatangga Raden sumping
wa'alaikum jawabna
raden teh iraha sumping
raden teh kumaha damang
berekah saur Den Qodli

229 (08) Mindo nyaur Raden Panghulu
ka mana ieu si nyai
nu ditaros ngawalonan
Masya Allah matak najis
Masya Allah matak cua
Masya Allah matak ajrih

230 (09) Nyai anu miceun hukum
ngabuang martabat adil
kasilep ku nafsu hilap
kalilit ku sobat dalit
ka asah nafsu amarah
ngunghak ka salira (40) gusti

231 (10) Ngaringkuk istu keur ngungkeluk
opat jalama nu ningali
kapendak ka deuleu ladak
ku Rai Raden Akhi
di ranjam hukum nagara
kapungkur parantos *mati*

XIX. Pangkur

232 (01) Raden Qodli peteng manah

ambek nyedek sedihna kaliwat saking
kaduhung sagede gunung
hanjakal hanteu dibawa
naha atuh aing hanteu dibantun
hanjakal tara tiheula
nyeri ku taledor diri

233 (02) Ari ras inget ka beja
eta nu ngunghak ka aing
taya meunang aing muruk
taya meunang aing ngajar
taya pisan beunang aing buburuhun
peteng ceuli peteng mata
hujan angin nyiar rijki

234 (03) Ari inget ka tukang
hanteu aya lalampahan matak najis
turut sapitutur hukum
ngaula taya kuciwa
eukeur rempug halimpu teu pisan kusut
matak kelar matak aral
matak sedih matak nyeri

235 (04) Ka mana nyiar nu sabar
nu sarupa jeung eta isteri nu alim
bisa bakti tur jeung lungguh
bisa damel jeung binekas
tatas tutus lungguh timpuh
bisa adab tata karama
tindak tanduk tata titi

236 (05) Galib isteri anu loba
raosna barangasan kesra ati
kukuh teu nurut pitutur
lalawora teu ngaula
ngedul gawe ngurus anu hanteu puguh
goreng basa goreng tata
bodo luang bodo ilmi

237 (06) Ari ras kana geulisna
ieu diri matak teuing hanteu eling
aduh ka mana (41) nu lucu
aduh ka mana nu lenjang
geus katingal beuheung leutik rengat tilu

nu rambutna galing muntang
pileuleuyan kembang puri

238 (07) Ras eling ka saderekna
euh ka mana dulur aing Raden Akhi
teu datang ka diieu cunduk
nya ka mana teh angkatna
na kamana hanteu datang buru-buru
engkang hayang geura tepang
hayang naros anu sidik

239 (08) Den Panghulu lajeng angkat
rek nyampeurkeun ka bumina Raden Akhi
di bumina geus patepung
kapendak parantos buta
teu ningali paono langkung ripuh
Raden Panghulu ngandika
rai ieu akang sumping

240 (09) Bari panonna dicandak
aduh raka teu ningali
na iraha rai kitu
Masya Allah Masya Allah
bahla gede euh rai kumaha atuh
geus sabaraha lilana
ngarenghik Den Qodli nangis

241 (10) Ngawalonan hanteu terang
ngomong cadel bari nangis
Den Panghulu leuwih bingung
leuwih susah jeung nalangsa
hanteu bisa mariksa anu saestu
Raden Panghulu ka luar
taya kamanisan budi

XX. Dangdanggula

242 (01) Raden Qodli lajeng angkat deui
gasik angkatna ka luar
hayang nu terang rek naros
Raden Qodli geus patepung
neangan saksi nu estu
hayang mariksa nu yakti
Raden Qodli geus patepung

Ki Sahad reujeung Ki Sahid
Ki Syahidan Ki Syahidin
saksi opat geus ka(42)pendak

243 (02) Sadayana eta anu jadi saksi
nyeri sungut payah ruksak
teu aya nu bisa ngomong
Raden Panghulu teh buntu
hanteu tiasa mariksa
keuheul ati poek manah
mulih ka bumina cunduk
eukeur susah ku gerewa
tambah susah ku dulur eukeur pirhatin
ku karunya jeung ku nyaah

244 (03) Naon atuh piubareun Raden Akhi
ku hayang cageur panonna
di mana tabib nu sohor
kocap aya nu miunjuk
nyarioskeun ka Den Qodli
abdi mendak kabar terang
di Nagri Adil kula nun
aya tabib sohor yakti
sohor jenengan Guru Isteri
pirang-pirang pitulungna

245 (04) Malah-malah hanteu eureun-eureun jalmi
undur datang anu tatamba
nu nyuhunkeun naon bae
Raden Qodli teh ngaranjug
.....
nguping soara ngorejat
ieu abdi teh ku bingung
isuk kula arek angkat
rek nambaan dulur kula Raden Akhi
sugan diparengkeun waras

246 (05) Kakocapkeun isukna rek indit
geus sadia eukeur bebekelan
Raden Akhi anggeus dangdan
saksi opat anggeus cunduk
arek milu deui indit
.....
lajeng angkat sadayana murubul

enggalna nu dicarita
anu angkat anggeus tebih ti nagari
gok tepang jeung dua jalma

247 (06) Nu sahiji eta teh jalma walagri
nu (43) sahiji panyakitan
Raden Panghulu nyarios
rek kamana ieu batur
duaan semu nu gasik
nu ditaros ngawalonan
Nagri Adil nu dimaksud
ngaran kula Kiai Jamal
mawa ieu sobat kula nun gering
ieu ngaran Ki Sohabat

248 (07) Rek dibawa ka tabib Nagri Adil
Guru Isteri moher pisan
saurna anu nyarios
Raden Qodli mindo nyaur
atuh syukur ieu kami
ayeuna urang sajalan
kula ge anu dimaksud
nya eta ka nagri eta
lajeng bae dijalanna

249 (08) Ti dinya teh bet mendakan deui
nu ditungtun jalma buta
ku Den Qodli teh ditaros
saha ieu nu ditungtun
rek kamana rusuh deui
nu ditanya ngawalonan
abdi katelah Ki maslub
rek ngadeuheus ka ajengan
Guru Isteri di Nagri Adil
cariosan masyhur pisan

250 (09) Ceuk Den Qodli hayu atuh urang indit
kula oge arek ka dinya
burubul angkat sakabeh
ngaleut ngengkeuy anu burung
di jalan gok mendak deui
jalma anu matak gila
ku panyakit pinuh
Raden Qodli heug mariksa

ieu saha anu dikepung penyakit
arek dibawa kamana

251 (10) Nu ngawalonan abdi rek ka Nagri Adil
abdi nu nelah Sudagar
ayeuna parantos jompo
dipuuk panyakit pinuh
arek nga(44)deuheusan tabib
Guru Isteri cariosna
punjul panemuna masyur
jeung panghulu hayang mangkat
kula oge arek ka Nagara Adil
racong payung nu sangsara

XXI. Pucung

252 (01) Angkat ngengkeuy jalma campur anu burung
diiringkeun ku Den Qodli bae
komarana teh bedengus
kabeh baladna pacundang

253 (02) Nu ngadengkluk anu jebleh nu ditungtun
jeung aya nu nangis bae
ngaharurung nu digotong
bujeng bae enggalna eta carita

254 (03) Sadayana anggeus jauh tina laut
anggeus mapay-mapay jalan
geus baris dongkap ka gedong
geus marakbak Nagri Adil anu jembar

255 (04) Ki Panghulu ngiring anu ti parayun
mapay jalan kaca-kaca
ka nagri anggeus jaronghok
lajeng eureun sadayana naros heula

256 (05) Lembur mana jalan mana anu terus
anu mana bumina teh
Guru Isteri anu sohor
ceuk nu walon lembur eta lebah kota

257 (06) Gedong eta anu alus anu luhur
anu parek ka sang raja
anu pinuh ku nu ngaos

Den Panghulu tuluy angkat jeung pacundang

258 (07) Sadayana ka latar anggeus carunduk
anggeus mayak diburuan
Raden Panghulu ka gedong
ngadeuheusan nyalira ka Ki Pandita

259 (08) Waktu eta Guru Isteri eukeur muruk
panganggoan kasanterian
kukudung tiung jeung kaos
bararuni paringpen keur ngajar dangdan

260 (09) Eukeur muruk ngajentul imut kapungkur
datang waas kelar manah
nyaur sajeroning hate
ieu aing aya (45) naon wirasatna

261 (10) Geus katingal dina panon Ki Panghulu
naha aing bet nalangsa
reujeung hate tugteg bae
Guru Isteri cumalimba cipanona

262 (11) Keur nyususutan cipanon bari ngawuruk
Raden Qodli uluk salam
pangapunten Guru ngaos
Guru Isteri ngawalonan
/sumangga kang haji lenggah/

263 (12) Nu timana *tuan* teh ka dieu cunduk
rek kamana nu dimaksud
Raden Panghulu ngawalon
taya sanes ka dieu anu dimaksad

264 (13) Guru istri ngagebeg kaliwat langkung
ningal eta anu dongkap
tetela ieu caroge
meh ngagabrug meh dirontok
/Guru Isteri meh ngagoak/

265 (14) Dasar isteri anu geus punjul panemu
sonona ditahan bae
bisi aya rasiahan
aeh kang haji ieu anu timana

266 (15) Ceuk Haji teh ieu akang kaula nun
ti Bani Isroil nagara
ka dieu anu diboro
ieu akang ngabantun anu teu damang

267 (16) Guru Isteri mindo nyaur bari rusuh
gugup sareng dumareda
Insya Allah teu sawios
engkang mangga kana korsi goyang lenggah

268 (17) Guru Isteri seug ka jero buru-buru
miwarang ka panakawan
barang damel nu raraos
katuangan kaolahan hanteu samar

XXII. Asmarandana

269 (01) Adat istri nu birahi
ka tatamu leuwih suka
cungcat cingcat pukpek gawe
teu lami anggeus dicandak
lamurna dina baneja
engkang mangga ieu atuh
rujak (46) buah rujak danas

270 (02) Ulah isin *Tuan* Haji
di abdi geus biasana
semah bae sapopoe
geura ngaleueut mun dahar
sirop mangga susu mangga
.....
nembe sumping meureun hanaang

271 (03) Teu lami nyandak alketip
seug mangga ebog-ebogan
urut angkat meureun cape
wara wiri turun unggah
kupar keper katamuan
tapi teu katara semu
teu kajudin ku ki semah

272 (04) Raden Qodli dina galih
ieu teh bener ceuk beja
ku moher ieu beja teh

panuju *hurmat* ka semah
ngajamu sareng basana
lamun lain tedak ratu
ku aing matak dilamar

273 (05) Ieu mah aing teu wani
teu layak ngunghak ka Raja
teu ieu ge eusi gedong
matak era matak serab
matak teu kaduga nyaba
nyampeurkeun deui Nyi Guru
lenggah dina korsi goyang

274 (06) Den panghulu mindo anjrih
silana di handap ngampar
mayun tungkul sarta mando
Guru Istri maksa pisan
kana korsi engkang mangga
di dieu calik di luhur
sepuh mah tara di handap

275 (07) Saur panghulu nu ajrih
sae di dieu di handap
pun akang sepuh kolotok
Guru Istri ngabanyolan
palay ki semah ieu era
kolotok mah pangakat luhur
na beuheung tara di handap

276 (08) Kawon *bicara* Den Qodli
lajeng kana korsi lenggah
Gu (47) ru Istri heung marios
tuan haji naon kasab
damel naon kadudukan
Raden Panghulu ngawangsul
kenging bi[slu]it agama

277 (09) Panghulu Bani Isroil
ayeuna keur /teu/ susah engkang
sedeng keur teu gaduh bojo
katilar maot diranjam
dina kapendak keur kandeng
ceuk Nyi Guru bongan atuh
gaduh bojo teu milihan

278 (10) Istri teh kudu dipilih
anu sae wirasatna
ulah kaburu ku bogoh
tah matak kitu akhirna
matak nyeri matak wirang
saur Panghulu sumuhun
manawi kenging milihan

279 (11) Ceuk Nyi Guru boa haji
eta teh salah milihna
Raden Panghulu ngawalon
dipilih rupina sae
dikuping leuleus saurna
ditingal dedegna lungguh
dititah cekap binekas

280 (12) Saurna lir gentra gusti
dedeg salira gamparan
mesem Nyi Guru ngawalon
atuh paingan nyalahan
lamun sakulaha kula
meh wirasat anu burung
ngawirangkeun imah-imah

281 (13) Hanteu lami anggeus sumping
katuangan warna-warna
mangga ngaleueut sing raos
katuangan warna-warna
/mangga ngaleueut sing raos/
ulah isin ulah era
/ieu maksud karana Allah/
Nyi Guru ka lebet asup
ngaleueut Qodli nyalira

282 (14) Teu lami nyampeurkeun deui
Guru Isteri sasauran
kuring kang haji hawatos
tina hanteu gaduh garwa
kuring seueur barudak
istri-istri keur guguru
sugan aya nu kamanah (48)

283 (15) Ngawalonan Raden Qodli

sumuhun katampi pisan
mung engkang keur poek manah
upami lamun mendakan
cara bojo nu baheula
sareng keur susah kalangkung
hayang cageur dulur heula

284 (16) Nyuhunkeun piwelas gusti
muga dulur dilandongan
hayang sina cageur heula
ceuk Nyi Guru Insya Allah
tapi kuring leuwih heran
ku naon urusan dulur
kapan haji eukeur susah

285 (17) Walon deui Raden Panghulu Qodli
bade ngurus dulur heula
memeh ngurus sorangan teh
tina nurut ka ulama
lamun nulung ka nu lian
tangtu ku Allah ditulung
Guru Istri mesem jawab

286 (18) Paingan didamel Qodli
eta saur bener pisan
bukti geuning ayeuna teh
tina nurut ka ulama
lamun nulungan nu lian
ku Allah tangtu ditulung
Guru Istri mesem jawab

287 (19) Bener saurna kang haji
eta bener hanteu salah
bukti geuning ayeuna teh
tina ka dulur ku nyaah
jadi wawuh jeung kaula
malah mandar tina wawuh
sugan bae jadi rahmat

288 (20) Cobi ayeuna kang haji
eta anu hanteu damang
ka paseban bawa kabeh
ku kuring rek ditinggalan
na kumaha panyakitna

ku kuring arek diurus
sina nganti di paseban

XXIII. Kinanti

289 (01) Di alun-alun perentul
nu teu damang nganti-nganti
pada ngomong jeung baturna
lami teuing Raden Qodli (49)
kamana angkatna losna
hanteu emut ka nu nganti

290 (02) Den Akhi nyaur kabatur
coba susul Raden Qodlii
ieu kula panas pisan
dipose sakieu *lilami*
hulu rieut awak panas
ngawalon Syahad jeung Syahid

291 (03) Juragan mah hanteu ripuh
sababna hanteu ningali
sim abdi mah ripuh pisan
sungut kula keur dipuih
teu lami Panghulu dungkap
ayeuna kabeh arindit

292 (04) Ka Paseban buru-buru
disaur ku Guru Isteri
burudul kabeh pacundang
di paseban geus ngabaris
Guru Isteri beunang dangdan
ting burinyay ting karetip

293 (05) Ka Paseban anggeusan cunduk
Guru Isteri lajeng linggih
dina korsi goyang lenggah
ngalengis nyaur Den Qodli
aeh tuan haji mana
urang ilikan nu gering

294 (06) Nyembah walon Ki Panghulu
sumuhun ieu pun Akhi
bawa akang anu buta
anu rowa duka teuing

kabeneran indit sajalan
teu terang jalma ti mendi

295 (07) Saurna teh Nyi Guru
ka dieu kabeh nu gering
panyakit naon ngarana
arek ditingal ku kami
sing aliser sadayana
geus ditingal hiji-hiji

296 (08) Mesem Guru Isteri nyaur
ieu panyakit teh sami
ieu panyakit katulah
kajadian dina diri
tina kulit tina tulang
tina daging tina getih (50)

297 (09) Sartana ayeuna kudu
pupulih dosa pribadi
bejakeun dosa sorangan
sing kakuping ku kang haji
dosa nu matak katulah
coba naon hiji-hiji

298 (10) Lamun anggeus pada ngaku
kana dosa pribadi
engke kula rek ngadu'a
Insya Allah cageur deui
ngahuleng kabeh geus susah
pada tungkul pada ajrih

299 (11) Ngalahir Raden Panghulu
geura ngomong maneh Akhi
Den Akhi ngagilir sila
teu kaduga kana ajrih
abdi wirang gede dosa
Den Panghulu nyentak bengis

300 (12) Ulah era ulah mumul
geura nyarita sing sidik
tinimbang jeung maneh buta
jauh ti Bani Isroail
Den Akhi nyembah mariksa
nangis cipanona bijil

XXIV. Mijil

301 (01) Jisim abdi katelah ngaran Den Akhi
dosa waktu bareto
dipiwarang ku akang teh
ngurus aceuk ngurus bumi
abdi kagoda ku iblis
abdi ka buru ku napsu

302 (02) Ceuk Zaojah ku abdi diajak meuting
hanteu keresa dipondok
lajeng didamel fitnah bae
dituding jinah sakali
sareng nganggo opat saksi
lajeng diranjam dihukum

303 (03) Hanteu lami-lami ti dinya teh abdi
mata dua lajeng ceor
hanteu ningal duanana teh
buta tuli sarta nyeri
hanteu hees sang wengi
dongkap ka sumping Panghulu

304 (04) Tah sakitu dosa jisim abdi
parah *hingga* maot
abdi pasrah beuheung bae
tarima (51) abdi teh juling
Guru Isteri heug ngalahir
Syahad Syahid geura nyaur

305 (05) Syahad Syahid Syahidan Syahidin
palungas palengos bae
rek nyarios ulak ilik bae
tina sieun sareng ajrih
geus rumaos dosa diri
wirang nyarios kalangkung

XXV. Wirangrong

306 (01) Saksi opat teh ngalahir
dosa abdi keur bareto
ku Raden Akhi diwujuk
dipiwarang jadi saksi

saksi palsu nuding jinah
nyaksi nyai Zaojah

307 (02) Lajeng bae dihukum nagri
diranjam dongkap ka maot
teu lami ti dinya tuluy
abdi satuluyna gering
sungut langkung-langkung payah
dongkap ka ayeuna pisan

308 (03) Tah sakitu dosa jisim abdi
abdi pasrah *hingga* maot
tarima kabawa burung
tarima kabawa julig
Guru Istri teh ngandika
Sohabat geura carita

309 (04) Ki Sohabat galar-gilir
langkung wirang rek nyarios
luak-lieuk ka hareup ka pungkur
tina wirang sareng ajrih
tambah loba panyakitna
ngalimba bijil cipanon

XXVI. [Kumambang] Lambang

310 (01) Dosa abdi sayaktosna
kapungkur abdi keur nyaba
di bumi Kiai Jamal
mendak isteri alus pisan

311 (02) Lajeng diajakan jinah
